



COVID-19

Difikilte pou Peye Lwaye

Kounyeya Li pi Fasil pou Aplike pou Asistans poutèt Difikilte pou Peye Lwaye

Si yo diminye sou lè travay ou, oswa si w pèdi travay ou, tanpri ranpli yon aplikasyon pou Resètifikasyon Pwovizwa (Interim Recertification) **touswit**.

Pa gen **OKENN peryòd datant**. **Pou aplike:**

Ale nan Pòtay Sèvis Lib (Self-Service Portal) Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) a nan selfserve.nycha.info

Rele Sant Kontak Kliyan (Customer Contact Center, CCC) NYCHA a nan 718-707-7771 (seleksyone opsyon "5" nan meni an lè yo mande w fè seleksyon w); OSWA

Rele Biwo Jesyon Pwopriyete (Property Management Office) ou a pou mande yo voye yon aplikasyon sou papye pou ou pa lapòs.

Jiska nouvlòd, rezidan NYCHA yo ka **OTO-SÈTIFYE** pèt revni yo. Pou lemoman, li pa nesèsè pou soumèt dokiman sipò yo konn egzije pou Resètifikasyon Pwovizwa a.

Yo pral fè ajisteman nan lwaye w la pou mwa ki vin apre lè ou soumèt aplikasyon an. NYCHA pral aksepte peman pasyèl lwaye yo jiskaske yo trete aplikasyon an.

Ale sou on.nyc.gov/rent-hardship-assistance pou jwenn plis detay.